

Pou Manm HARP oswa ki elijib pou HARP HIV-SNP yo ki gen 21 lane oswa plis

MANYÈL MANM OU A CHANJE POU YO KA ENKLI NOUVO SÈVIS YO

**Retablisman Santre sou Sèvis Sante Kominotè Konpòtmantal ak Otonomizasyon,
(Behavioral Health Community Oriented Recovery and Empowerment Services,
CORE).**

Apati de **1ye Fevriye 2022**, Sèvis Sante Konpòtmantal granmoun nan Kay ak nan Kominote (BH HCBS, Behavioral Health Home and Community Based Services) pral chanje an Sèvis Retablisman ak Otonomizasyon Santre sou kominote. MetroPlus Health Plan pral kouvri Sèvis CORE yo. Ou ka itilize kat plan MetroPlusHealth ou a pou pran Sèvis CORE sa yo.

Eta New York ap fè chanjman sa a paske Sèvis CORE yo pi fasil pou pran pase BH HCBS yo. Manm ki kalifye yo ka jwenn Sèvis CORE yo atravè yon rekòmandasyon nan men yon founisè kalifye.

Sèvis yo soti de BH HCBS pou chanje an Sèvis CORE:

Reyabilitasyon Sikososyal (PSR).

Sèvis sa a ede w avèk konpetans nan lavi, tankou fè koneksyon sosyal; Jwenn oswa kenbe yon djòb; kòmanse oswa retounen lekòl; ak itilize resous kominotè.

Tretman ak Sipò Sikatrik nan Kominote (CPST).

Sèvis sa ede w jere sentom atravè konsèy ak tretman klinik.

Sèvis Otonomizasyon – Sipò eksperyans

Sèvis sa konekte w avèk espesyalis eksperimante ki pase maladi sa yo e ki retabli W ap Jwenn sipò ak asistans e aprann kòman pou:

- ou endepandan e viv avèk pwoblèm sante,
- ede w pran desizyon sou pwòp retablisman w, epi
- jwenn resous ak sipò natirèl.

Fòmasyon ak sipò pou fanmi (FST)

Sèvis sa a bay fanmi w ak zanmi w enfòmasyon ak konpetans pou ede w ak sipòte w.

Soti nan BH HCBS ale nan Sèvis CORE ki chanjman ki fèt?

Sèvis CORE sa yo prèske menm puiske yo te nan BH HCBS. Genyen de (2) chanjman ki fèt:

1. Kounye a w gen plis opsyon nan sèvis yo pou sipòte objektif ki gen rapò ak travay epi ak lekòl. Ou ka travay avèk yon founisè CORE PSR pou ki ede w:

- jwenn yon travay oswa al lekòl pandan w ap jere sante mantal oswa konbat avèk adiksyon;
 - viv endepandan e jere kay ou; ak
 - konstwi oswa ranfòse bonjan relasyon.
2. Kounye a Relèvman kriz Akoutèm ak relèvman kriz Entansif yo rele Sèvis Kriz rezidansyèl epi yo toujou disponib.

Sèt sèvis sa yo toujou disponib selon BH HCBS:

- Abilitasyon
- Sèvis Sipò Edikasyon
- Sèvis Prevokasyonèl
- Travay Tranzitwa
- Travay Sipò Entansif
- Travay Sipò Kontinyèl
- Transpò Non-Medikal

Èske m ap bezwen chanje founisè BH HCBS mwen an pou m jwenn Sèvis CORE?
Si ou te konn pran CPST, PSR, FST oswa Sipò Ki Parèy tankou BH HCBS anvan **1ye Fevriye 2022**, ou ka kontinye pran menm sèvis yo nan men founisè w an fonksyon de CORE. Founisè w la pral pale avèk ou sou nenpòt ki chanjman k ap afekte w. Ou ka mande jesyonè swen w lan pou l ede w tou.

Èske m bezwen yon evalyasyon pou BH HCBS?

Wi, ou dwe fè Evalyasyon pou Kalifikasyon Eta Nouyòk la avèk moun k ap jere swen w lan oswa kwòdonatè retablsiman w lan pou w ka jwenn yon BH HCBS.

Èske m bezwen yon evalyasyon pou sèvis CORE yo?

Non, ou pa bezwen pran Evalyasyon pou Kalifikasyon Eta Nouyòk la pou pran Sèvis CORE yo. Ou ka pran yon sèvis CORE si yon founisè kalifye rekòmande l pou ou, pa egzanp yon doktè oswa yon travayè sosyal. Founisè kalifye a ap bezwen diskite dyagnostik ak bezwen yo avan li fè yon rekòmandasyon pou yon sèvis CORE.

Kijan mwen ka jwenn yon founisè kalifye pou rekòmande m pou Sèvis CORE?

Doktè prensipal ou a oswa terapis ou a ka fè yon rekòmandasyon pou Sèvis CORE. Si w bezwen èd pou w jwenn yon founisè kalifye, kontakte sèvis manm yo nan nimewo anba a. Ou ka mande jesyonè swen w lan pou l ede w tou.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm yo nan 1-800-303-9626 (TTY: 711).